Соколёнок

# Лачен

2/2025
март – апрель

0+

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХIУКУМАТАЛЪ КIИГО МОЦIИДАСАН ЦО НУХАЛЪ ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ



# СагӀид ГӀалихановасул хӀакъалъулъ

## Хинаб ракӀалдещвей



Жакъа гӀадин ракӀалда буго, Литератияб институталъул 4 курсалда цӀалулей йигей дун практика тӀубазе «Лачен» журналалде ячӀараб мех. Журналалъул редакторлъун вугоан СагӀид ГӀалихановги литературияв хӀалтӀухъанлъун – МухӀамад Шамхаловги. Дида ракӀалде кколел рукӀарал гӀадал чӀухӀарал, кӀалъазе аскӀоре ине хӀинкъарал гӀадамал гьел ратичӀо. Гьел ругоан гӀадатиял, гӀодоре риччан, чӀухӀиги, гӀададисеб хӀайги жиделъ гьечӀел, кидаго лъалел рукӀарал гӀадал гӀадамал, гьумеркьун кӀалъалел, лъикӀал махщалилал. Гьез дунги жидерго яс гӀадин, разиго къабул гьаюна, цоги миллатазул редакциязул хӀалтӀухъабазулгун лъай-хъвайги гьабун, щибазул хӀалтӀул жидерго хаслъиги цо-цо гӀаммлъиги бугилан бицана. ТӀубараб моцӀалъ дие гьениб лъикӀаб «дарс» щванилан, лъалареб лъанилан, кколеб бичӀчӀанилан, ахиралда лъикӀаб характеристика кьун, гьениса гьез дун тӀадйиссун Москваялде нухда регӀанилан абизе ккола.

Дунго аслияб къагӀидаялъ чӀахӀиязе хъвадарулей гӀадан йикӀаниги, лъималазул «дунялалъулгунги» дир лъикӀаб гьуинлъи кканилан ккана дида. Сонал индал гьениего хӀалтӀизеги ячӀана дун…

СагӀид ГӀалиханов кинавлъунха дида ракӀалда чӀарав? Гьев рекӀелъ хутӀана гӀададисеб калам гьабичӀого, жиндаго цебе лъураб масъалаги тӀубазабун, ракӀбацӀцӀадго хӀалтӀиги, кумекалде хӀажатасе малъа-хъвайги гьабун, гӀадамазда гъорлъ вукӀавахъине лъалев чи хӀисабалда. Гьес журналалъе макъала хъвазе цо-цо тӀадкъайги кьолаан дие, цогияз хъваралъул хӀакъалъулъ дирго пикруги гьикъулаан, цӀияб журнал хӀадурулаго, гьебги цӀалун, жибдай тӀаде жубазе, тӀаса бахъизе лъикӀиланги гьикъулаан, дун гьанжего-гьанже хъвадаризе байбихьарай гӀадан йикӀаниги. Цо нухалъ гьес, хӀалтӀудаса рокъове щведал, жиндирго лъади, аваразул шагӀир Залму Батировалда абун бугоан, цоги цӀияй, гьунар бугей хъвадарухъан гӀолей йигин магӀарулазулилан. Цонухалъ дица гьесухъе кьуна дирго росдал устарзабазулги гьеб устарлъи бижиялъулги хӀакъалъулъ хъвараб макъала. Гьеле гьелъул къокъаб

магIна гIурус мацIалдеги буссинабун, редколлегиялда гьоркьоб лъуна цо къоялъ. Доб мехалда журналалъул бетIерав редакторлъун даргиязул хъвадарухъан МухIамадрасул Расулов вукIана. Гьез киназго цого кIалдисан гIадин, макъалаялъе лъикIаб къиматги кьуна, гьеб журналалдаги бахъана. Гьелдаса хадуб чанго сон араб мехалдаги, МухIамадрасулица гьеб битIккараб макъалаялъул бицен ккезабулаан, гьеле гьедин хIалтIейилан тIадеги жубалаан… Гьедин абизе букIун батиларо, авар мацI лъаларев, дарги миллаталъул чияс, СагIид ГIалихановас гьитIинаб дир гьунаралда дунял бихьизабичIебани, гьеб гIаммаб мацIалдеги буссинабун, гьоркьоб лъезе кьечIебани.

С.ГIалихановасул цо-цо малъахъваял, болмацIалда битIун хъвазе кколеб рагIул яги тIубан рагIалде бахъинчIого хутIараб пикруялде кантIизайиги гьабулаан. Жеги куркьбал щулалъичIел хIанчIи гIадин рукIунел гIолохъанал хъвадарухъабазе гьединаб бербалагьиги кумекги кIудияб кверчIвайлъунги лъугьунаан, хадубккунги тIасабищараб ишалъе ритIухъаллъун лъугьине божи бижизабулаан. РекIее лъикIаб асар гьабулаан хинаб рагIиялъги, битIараб малъахъваялъги, гъалатI битIизабиялъги.

ЦохIо моцIалъ гурони цадахъ хIалтIичIониги, дица мугIалимлъун рикIкIана С.ГIалихановги, кIудияб адаб-хIурматгун рекIелъ хутIана КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи, цеве «БагIараб байрахъ» газеталъул бетIерав редакторлъунги хIалтIарав, хадувккун, лъималазул журналалда тарбиячилъиялъул пиша кодобе босарав М.Шамхаловги. ВачIунаан редакциялде, къаламцоязе салам кьезе кIудияв Расул ХIамзатовги, Муса МухIамадовги, гьенирго ратулаан ГI.-ХI.Шахтамановги ва жеги гIемерал гьунар тIокIал, машгьурал хъвадарухъабиги. Гьебго минаялда жаниб букIана Ф.ГIалиевалъ бетIераб редакторлъи гьабулеб букIараб «МагIарулай» журналалъул редакцияги.

ЦIали лъугIун тIад йиссун щварай дида С.ГIалиханов Дагъистаналъул ГIелмияб академиялде жиндирго авар адабияталъулгун мацIалъул гIелмуялда тIад хIалтIизе анилан бицана. «Гьес жиндирго инсул – авар мацIалда гIемерал кицаби, абиялги, маргьаби, бицанкIабиги данде гьарурав Зайирбег ГIалихановасул нухккун ине, жеги бечед гьабизе хIукму гьабуна.» – ян абуна, гьениве цIитIамун ватарав редактор, шагIир МухIамад Хириясулаевас…

Къанщун балагьилалде аралгIанги хехго ана сонал. Гьел киналго, гьанир рехсаралги рехсечIого хутIаралги жидер гьунар тIокIал рагIул устарзаби дагь-дагькkун Абадияб рокъоре ана. ГьанжегIагар С.ГIалихановги вуссана жиндирго Ахираталъул рокъове. Аллагьас лъикI къабул гьарун ратаги магIарулазе бечедаб хазина нахъе тун арал, адабияталъул ирс камилал асараздалъун бечед гьабурал нилъер хъвадарухъаби! Алжан кьун рохун ратаги гьел!

*Хlажи Ибрагьимов*

# Дирго «кьолбол гъотIол ункъабго гIаркьел»

1941 соналъ дир эмен Ибрагьимил ХIусунил вацгIалзаби – ункъо вац ана нилъер ВатIаналде тIаде ккараб къо борхизе. КIиго вац гьезул чIаго нахъ руссана, бищун кIудияв Якъуб ва бищунго гьитIинав Сатар рагъда паналъана.

80 сон ана гьеб вахIшияб рагъ лъугIаралдаса нахъе. Нилъеда чан сон аниги кIочене бегьуларо ВатIаналъе гIоло гIумру кьуралги би тIуралги, гIакъуба-захIмат баччаралги, фашизмалдаса нилъер ракь цIунаралги бахIарзал.

Дица бицен гьабулезул цояв ГIабдулаев Якъуб гьезул бищунго кIудияв вац кколаан. 1921 соналъ эбел-эменги хун хутIарал жиндирго вацазе гьес эбелги эменги хисанилан абизе ккола. Хъизамалъул кинабго бакIлъи гьесул гъуждузде бегана. Буйнакск шагьаралда букIараб Лъималазул рокъоре ккун хадурги гIисинал вацазул насихIатчилъунги гьев вукIана. Рагъ ккелалде цебе гьев хIалтIизе лъугьана МахIач Дахадаевасул цIаралда букIараб росдал колхозалде. Рагьин абуни гьесие байбихьана 1939 соналъго. БагIараб Армиялъул рагъухъабазул хехал курсазда цIалун лъугIун хадув Якъуб Дальний Востокалде хъулухъ гьабизе витIана. Гьениб Монголиялъул гIорхъуда Халхин-Гол гIурумухъалда советиялгун-монголазул аскараз Японият ракьал рахъулезде данде рагъизе ругьунлъиялъул хIадурлъаби тIоритIулел рукIана. Гьеб рагъулъ Якъубги гIахьаллъана.

1944 соналъ рагъда щварал захIматал ругъназул хIасилалда госпиталалда хвана Якъуб. Гьев вукъараб бакI лъалеб гьечIо.



*Абдулаев Якуб Якубович
1910–1944 гг.
Участник Великой
Отечественной войны
Погиб в боях против японских
захватчиков*



*Абдулаев Багаудин Якубович,
1916–1989 гг.
участник Великой
Отечественной войны
защищал Кавказ от
фашистских захватчиков*



*Абдулаев Абдулсатар Якубович,
1922–21.03.1944 гг.
Участник Великой
Отечественной войны
Освобождал Ленинград от
фашистских захватчиков*



*Абдулаев Нурмагомед Якубович 1918–1985 гг. Участник Великой Отечественной войны Освобождал Украину от фашистских захватчиков*



*Коровина (Абдулаева) Прасковья Ивановна 12.09.1924–28.07.1997гг. Участница Великой Отечественной войны Освобождала Украину от фашистских захватчиков*

КӀиабилев вац ГӀабдулаев Багьаудин Буйнакскалъул Лъималазул рокъоб цӀалиги лъугӀизабун НКВД-ялде лъугьана. 1936 соналъ НКВД-лъул рагъулал ругьунлъиязулъ гӀахьаллъарав гьесие лъикӀаб хъулухъ гьабиялъухъ С.Буденныясул цӀар тӀад хъвараб хвалченги сайгъат гьабун букӀана. Хадувккун Кавказ фашистаздаса цӀунизе гьарулел рагъаздаги гӀахьаллъана гьев. Рагъ лъугӀун хадубги жинцаго тӀасабищараб махщалида рекъон НКВД-ялъул хъулухъалда вукӀана гьев. 1965 соналъ МВД-лъул пожарниказул бутӀаялде хӀалтӀизе лъугьана.

Багьавудин хвана 71 сон гӀумруялъул бугеб мехалда. Вукъун вуго МахӀачхъала шагьаралда.

Лъабабилев вац – ГӀабдулаев НурмухӀамад гьебго хъизамалъул лъабабилев вас кколаан. I939 соналъ гьев Советияб Армиялде хъулухъ гьабизе ахӀана. Рагъ гьесда дандчӀвана ЧӀегӀерралъдал рагъул лъелал аскаразул ротаялъул старшинаясул хъулухъалде вахиндал. Севастополь, Керчь, Кавказ цӀунулаго ва Украина эркен гьабулаго гьарурал захӀматал рагъаздаги гӀахьаллъана НурмухӀамад. Гьев мустахӀикълъана Рагъул БагӀараб Байрахъ орденалъеги ва цогидалги шапакъатазеги. НурмухӀамад гӀагараб росулъе вуссана 1946 соналъ живго цохӀо гурев, рагъулай гьалмагъ – лъади Просковья Ивановна Коровинагун. ГӀумруялъул ахирал къоязде щвезегӀан гьез цадахъаб гӀумру тӀамуна Унсоколо росулъ. НурмухӀамад хӀалтӀана росдал №1 школалда физкультураялъул учительлъун. Гьев къадаралде щвана 1985 соналъ. Вукъун вуго Унсоколо росдал хабалалъ.

Просковья хӀалтӀана Исполкомалда секретарьлъун. Гьейги юкъун йиго жиндирго росасда аскӀой – ансадерил хабалалъ.

Бищунго гьитӀинав вац – хъизамалъулункъабилев вас Сатар Балашовалъул рагъулал летчиказул риидалил курусазде цӀализе витӀун вукӀана. Рагъде гьев ккана БагӀараб Армиялъул гьаваялъул рагъул лейтенантасул чиналде вахиндал. Гьев кколаан тӀадегӀанаб классалъул пилотлъунги. Жиндирго ИЛ-2 штурмовикалда воржанхъулаго гьес гурхӀел гьечӀого гъурана гӀемерал фашистал. ГӀабдулсатариде «гьаваялъул лаченилан» абулеб букӀун буго рагъулал гьалмагъзабаз.

Ленинградалъул фронталъул гьаваялъул авиациялъул 13 дивизиялъул 277 штурмалъулаб звеновоялъул командирлъунги вукӀана гьев.

Балтика ралъдада тӀад 1944 соналъ рагъулаб гьужумалда ГӀабдулсатарил самолеталда тушбабазул гӀарадабаз речӀчӀана, амма гьес вихха-хочичӀого, жиндирго масъала тӀубазе таваккал тӀамуна. Гьес самолет тушбабазул гамиде тӀаде бачана ва гьелде тӀаде кьвагьдана. ГӀабдулсатар бахӀарчи гӀадин хвана Гастеллол мисалги такрар гьабун. Жиндир заманалда мустахӀикъаб къимат гьабичӀого хутӀарав рагъул бахӀарчи, гьанжегӀаги кколеб къимаги гьабун, Россиялъул бахӀарчиясул цӀаралъегӀаги вихьизавизе лъикӀаб букӀина.

Манарша Лисаева

# Солдатги устарги, хирияв дада




**Я ПОМНЮ!
Я ГОРЖУСЬ!**

*Прадедушка Саида, Исаев Магомед Исаевич, в возрасте 18 лет ушел на фронт в 1942 году. Он является участником ожесточенных боев в г. Туапсе над Цементным заводом. Воевал на Малой Земле в Керчи. В 1943 году он был тяжело ранен. Начальником политического отдела тогда у них был бывший генеральный секретарь Советского Союза Леонид Ильич Брежнев. После ранения в ногу, он лишился ноги, его госпитализировали. Он долго лежал в госпитале в Грузии. Оттуда он вернулся домой. Умер он в 1991 году в возрасте 67 лет. У него 8 детей. Один из них мой дедушка. Я очень горжусь своим прадедом!*

Иххица ракь хъамураб
Хъощалъул кIалтIу гIадин,
Бащдаб нуцIаги къирун,
Къанщун буго къебелъи.

КъанцIцIулеб каранда ракI,
РакIалдещвеял хIаллъун,
ХIалигъараб квартIил сас,
Сардил макьулъун кьолеб.

Расандулел рукIарал
Лъималалъа екерун,
Дадал изнуги гьарун,
Переело-квар цIалей дун.

ЦIадул каралда гьоркьоб,
Карун лъадарулеб нилъ,
Кинояльухъ кинигин
Балагьун чIарал лъимал.

Маххул къебед, къадахъан,
Къарахъ цIар арав устар,
Унтул боснор ккараца
Сабаб цIехолев тохтир.

ДагIба-къецалда гьоркьов
РагIи цIодорав гIалим,
ГIадамазе хирияв,
Дун чухIарав дир дада.

Дурго кьолбол гъотIода
Гъая ккезе биччачIев.
Бичасе мутIигIав лагъ,
ВатIан хирияв инсан.

Халкъалде балагь босун
Гитлер вачIараб къоялъ,



Гуллил цIадакьа къачIев,
Къараб чармил бекI гIадав.

ГIасияв тушманасда
Мугъ бихьизе биччачIев,
Каранда гуллаялъул
ЛъалкIал нахъе хутIарав.

Хвел бекьараб цо рохьоб
Кваранаб хIетIе тIурав,
ХIурматияб цIар босун
Росулъе тIадвуссарав.

Сабруялъул тIогь ккурав,
ТIагьал хIадис цIунарав,
«Росдалго кваранаб квер»
ГIадамаз цIар ахIарав.

Щуго васасул дада,
ГIадамаллъун куцарав,
Кициялъе цогидаз
Мисалалъе росулев.

Лъабго ясалъул дада,
Дуца малъухъ хьвадарал,
Динги, чинги, чилъиги
Чорхолъ цIунизе лъалел.

Лъамалазе васият
Лъабго рагӀуца хъварав –
ЯхӀги нафсги цӀунеян
Аманат гьабун тарав.

Мунагьал чураги дур,
Дие хирияв дада,
Халкъалъе рухӀ кьолаго
Кьижарав маххул къебед.

# Хассаб рагъулаб операциялда вас камурай Мадинае



Зигара кин балеб, Мадина, дуда
МагӀу Шамилихъ тӀун, канлъи ссун уней?
Кинаб рагӀи бицун кӀалъалей дуда,
РекӀелъ цӀа бакарай духъги ялагьун.

ЦохӀо вукӀарав вас – мугъчӀвалеб кьуру
ГӀужий восун вугин Украинада,
Анищазул хурзал тӀегьалеб гӀужалъ
Лъунин къанабазукь тӀогьол бахӀарав.

ХъахӀикӀкӀалахъа вас, чармил ракӀ бугев,
ЦӀадаве кӀанцӀанин ВатӀан цӀунизе.
Дунялалъул тӀагӀам жеги бичӀчӀичӀев
ГанчӀил ракӀал ругез тӀупанин ракьулъ.

Гуллбузул цӀадалъукь рухӀ лъугӀулелъул,
ХӀалае квер битӀун, кумекго щвечӀищ?
Жиндирго цӀар кьураб къвекӀаб мугӀрул цӀум,
Шамил-имам вачӀун, вахъинавичӀищ?

Дур берал къанщанин рагӀараб къоялъ
Къварилъи рештӀанин тӀолго росдаде,
Дудаса чӀухӀарал гӀолохъабазде,
Мун мисаллъун ккарал гӀолил васазде.



Мун къанабакь лъезе ресго гьечIилан,
Хабалъеги мунгун ине хIадурай,
Хасел щун цIороялъ цIер къан хутIарай
Эбелалъул рекIей хинлъи кисадай?

ТIухьиялъ лъукъараб гIалхул чан гIадин,
ГIодов ккарав инсуй жан лъица кьелеб?!
Мун камун угьулеб бухIараб хIухьел
Яцазул каранда кида цIоролеб?!

Шамил, мун кIочараб къо бачIинаро,
ВатIаналъе гIоло рухI кьураб лачен!
Шамил, дуй хвел гьечIо, мун чIаго вуго,
Улкаго чIухIарав нижер багьадур!



БахIарчилъиялъе хвел букIунаро,
Меседил хIарпаца бикIила дур цIар,
ГIумарил Шамилин, нилъер чIухIиян,
Дагъистаналдаги ахIила дур цIар.

ВатIаналда цебе борч тIубалаго
Шагьидияб хвел щун, вохун ватаги!
Дуе цIар кьурасул баракатги щун,
Аварагас квер ккун, вахъинавеги!



БахIарчи гьавурай гьардарай эбел,
Дуе сабру кьеги, Шамилил баба!
Бихьаралде – щукру, алхIамдулиллагь!
Къадар – Аллагьасул, сабру, Мадина!

*Ленинкенталдаса Загьрат Нурудинова.*

ГIаишат Малачиева

# Эбелалъул рекIеде тIалу бегизабидал

Эбелалъул рекIетIе
ТIалу гиризабидал,
ТIорччодагIан цIоб тараб
ЦIа гьениб гьелегьиндал,
Гьелъул цо вукIарав вас
Рагъуца вахъун индал,
Цого-цо маулхIаят
Ракьулъе къун тIагIиндал,
ТIаде къуларал зобал
Гьеб бихьун, гIодиларищ?!

ГIенеккарал гьал мугIрул
Гьеб рагIун, риххиларищ?!
Ле, къосарал пасикъал,
Рецуге гIолохъаби,
Огь, квешал капурзаби,
Мокоцунге наслаби.
Гьал улбузул ургьибе
Балагьаб квер бегьуге,
Гьеб угьди дунялалде
Дандерижилъун кьоге!

ГIун гьечIищ руччабахъе
ЧIегIерал кIазал кьурал,
КъватIир гIенеккарахъе
МагIил кагътал рикьарал?!
Лъималахъе умумул
Туртида лъун росарал,
Лъудбухъе гьезул россал
Росонирги лъун щварал?!

Огь, я, Гьардарав Аллагь,
Гьал рагъаца гъугълъарал
Лъавуде рачIинаре,
ЧIезаре, ригьанаре!
Гьал дунялго цIерцIунел
ЦIадулъе чIагого гъе,
Ракьда михир бачунел
Кьуру тIун, гъоркье раче!
Зулму щун арал васал,
Рокъоре чIаго раче,
АхIуд рахъаралщинал
Хъизамазухъе ричча й!
Лъимер хIинкъунгутIизе
Къинабе яргъил гъугъай,
ХIинчIцин пархунгутIизе,
Бачинабуге гьарай!





# Солдатасул эбел



Солдатасул эбел – ургъалил эбел,
Гьединазда гурей жий йичIчIуларей.
Киналниги васал хех руссагиян
Сардилълъ Аллагьасда гьардолей йигей.

ГIагарда ругезцин бицунеб рагIи
АхIтIон абуниги, гьелда рагIилищ.
Борхун гьаракь биччан ахIулеб кечIцин
Кина-щибиланцин гьелда бичIчIилищ.

Сардилълъ тагьажжуд бан, накабазде ккун,
Кина-кинаб гьари гьелъ гьабулареб,
Чияр улбузеги сабру ахIулеб
РакI угьдулеб дугIа гьелъул рагIулеб.

Солдатасул эбел щиян гьикъани,
Гьей дуниялалъул эбел ятила!
Дунялго хабалалълъ букъизе гурин,
ХIинкъун, хIисабаца ххагазаюрай.

Солдатасул эбел кинан кьижилей,
Вас кьижанадайин макьу биларай?
Гьелъ кIалдиб богIоллъи щибун бегьулеб,
Гьев вакъун ваталин, къагIида хваралъ?

Солдатасул эбел, дур рекIел цIаялъ
Дол рагъал роркьулел киндай рухIичIел?!
Угьулеб дур хIухьел, хьагица тIолеб
ТIухьи лъугьун, гьезде тIаде чвахичIеб?!

Солдатасул эбел соролей йиго,
Гьей ахIдезе бокьун хIалуцун йиго –
Солдатал тейилан, жий йитIейилан.
Васал нечелилан, бахчун тун буго.

Щибаб улкаялъул бутIрузда цебе
Гьелъул ахIи хъвараб хъарщи щай чIвалеб?
Гьезул намусалъул цIадирабаца
Гьелъул кIазил багьа киндай цIалареб?

Эбелалъул рекIел чIухIиги буго,
Бараб ахIудрахъун арал ругелъул.
Гьелъулъ таваккалаб ракIчIейги буго,
РекIелъ чаран бугел васал ругелъул.



Шамил Мухlидинов

# Лъимал къацандулелъул



– Доб цIва зодоб дир буго!
– Добцояб дирги буго!
– ЦIва дур бугеб батани
МоцIрол гьумер дир буго!

– Метер баккулаго бакъ
Дица диего квела.
– Бакъ дуца дуйго ккуни,
Зоб дица дийго квела.

Гьединан къацандана
КIиго гьудул, кIиго вас,
Къадал мадугьалзаби,
КъватI гIахьалал бахIарзал.

Гьеб лахIзаталъ къотIносан
Къокъун унев херав чи,
ХъущтIун гIодов ккколелъул
ГIанса хьвагIун анила.

Гьесие кумекалъе
Лъимал рекерун ана,
КIиязго кIудияв чи
ТIаде вахъинавуна.

– Баркала, цIакъал васал,
Балагье цо сверухъе,
Нилъер гIанса балагье,
Бихьуларищ сверухъе?

Лъимал цоцахъ балагьун,
Палгъан, руцIцIун хутIана,
Хадуб, рекерун, босун
ГIанса кIудихъе кьуна.

Хадуб, цояв вас вуго
Цогиясда абулев,
Дир бугелда дицаги
Нилъер бугин абилин.



КIудица гIансагицин
Нилъерилан абидал,
Дие лъугьараб асар
Лъидаго бичIчIиларо.

– Гьадаб бакъ нилъер буго,
– Къаси моцI нилъер буго,
ЦIвабиги, гьел кунчIараб
Зобги нилъер ккеларищ?

Гьеб пикру рекIее гIун
КIиялго гьудулзабаз,
Цо гурони гьечIеб гIеч
Нилъеран кIикъотIана.

# ЦӀум

– ЦӀум, дур бусен киб бугеб?
– МугӀрул тӀогьиб, кьурабалъ,
Кьварараб тӀабигӀаталъ
Лъадарула дир гӀамал.

– Мун хинал улкабазде
Боржун щай буссунареб?
– ВатӀан жибго танани,
ВатӀаналъги теларищ?

– ЦӀум, гӀумру бигьалъизе,
Авлахъ щай бищулареб?
Авлахъалъул хӀанчӀазул
РахӀатаб гӀумру буго.

– Авлахъ тӀаса бищани
Дир цӀудул гӀамал хола,
Гозо бегӀер гьабизе
Дий кьуру къваригӀуна.

Дир бегӀераб канлъуда
Киб бугебги бихьула,
Борхалъуда гьечӀезул
Бихьи дагьаб букӀуна.

Дица мугӀрул тӀогьазда
Свери бахъулеб мехалъ,
Берцинаб тӀабигӀаталъ
Дие тарбия кьола.

МугӀрул ссиртал, кьураби,
Пиридул кьвагьи, гъугъай,
Гъвегъун унел гьарчазда
ТӀад расандулел бисал,

ХӀинкъичӀого кьурулъан
Гъоркье кӀанцӀулел лъарал,
Лъийго хӀисаб кьолареб
РакӀ рагьараб эркенлъи,

Гьел гьечӀони цӀумазда
ЦӀумалин кин абилеб?
ЦӀумаз цӀумагъудузул
Гъалгъади хӀехьоларо.



Гьеб борхалъи, гьал мугӀрул
ЦӀумазул ВатӀан буго,
ВатӀан билани цӀудул
ЦӀаргицин хутӀуларо.

Дие гӀазабги чӀамун
ЦӀумлъун хвезе бокьила,
Кьураби гьечӀелъуб чӀун
Гъедулъун лъугьинегӀан.

ЗахӀмат къулчӀун дий щвараб
Чанил гьанго бокьила,
ЧӀамун дир кӀалдиб лъураб
ЛъикӀаб нигӀматалдаса.

Гьудуллъиялъул адабият

Любовь Островная

# МоцIрал матIу



Лъимал, нужеда рагIун батизе ккола Гъарабудагъкент районалъул Губден росдал цIар. Бицуна гьеб росдал руччаби берциналги гьурмалъа хъахIалги рукIунилан ва рихьаралго ратIа рахъизеги лъалилан. Дица нужее бицина гьеб росулъа цо ясалъул хIакъалъулъ дидаго рагIараб хабар.

…БукIанищ гьеб букIинчIищали лъаларо, гьеб росулъ йикIун йиго ГIаишат абун цIар бугей цо яс. Кьунсрулги чIегIерай бералги чIахIиял яс йикIун йиго гьей. БицинегIан берцинайги йикIинчIила гьей, абизегIан сурукъайги йикIинчIила. Гьеб заманалда губденазул ясал гьедигIан берциналги рукIинчIила.

ГIаишат хIалтIулъ цогидаздаса нахъе ккунги чIолароанила, боцIи-панзалда хадуйги яхъунаанила, лълъимги баччулаанила, хинкIалги гьарулаанила. Эбелэменги гьелдаса рохун рукIунаанила. Гьудулзабигун кIалъа-басазе заманги батулаанила.

Цо нухалъ иццухъ гара-чIварулаго, рокъое кватIун ячIуней йикIарай гьелда эбелалъ абунила дуца щайдила мачуял гьарун рагIалде рахъинаричIелан.

– ТIасалъугьа, эбел, гьабсагIат лъугIизарила! – ян абунила гьелъ.

Дагь-дагьккун дунял бецIлъизе лъугьанила. Эмен кьижизе анила, радал хехго рехъенгун мучIдузде ине кколиланги абун. Эбелги хIалхьи гьабизе анила. Гьей ясалда гурхIун йикIанила,

рукIкIен-кунги гIодоб лъун, кьижизе айилан гьелдаги абунила. Амма ГIаишатие хIалтIи метералдеги тезе бокьун букIинчIила.

СагIат анила, кIиго анила. Ахирги гьалъ тIаса берцинго угьун тIомохьитал лъугIизарунила. РетIинила гьелъ гьел тIатIазда, рекъон кканила, хиналги санагIаталги ругила. БачIинахъего гьелги ретIахъе киегIаги ине бокьанила гьелъие. Рокъоса къватIие лъугьиндал, квегIаб рахъалде балагьанила – щивго гьечIила, кванparam ниде йиссанила – гIицIаб саскъотIи бугила. Эхеде йорхидал, зодихъ цIураб моцI бугила гвангъун.

Гьиманила ГIаишат. Амма моцI дагьабго пашманго бугилан кканила гьалда, гьелъ угьунги биччан, кибалиго щибалиго балагьулеб букIин бичIчIанила гьалда.



Гьалъ недегьаб гьаркьидалъун гьикъанила:

– Сордо лъикӀаб батаги, дуе, гьайбатаб сардил чирахъ! Бице, сунца дур гьедин рахӀат хвезабурабали?

– Дуеги лъикӀаб батаги сордо, гӀолилай, – абун жаваб гьабунила моцӀроца. – Дир матӀу билун буго, гьелъ буго дир рахӀатхвейги. Гьеб бортун ана, кибе гирун арабали, бихьулеб гьечӀо…

ГӀаишатил кверазда махщел букӀин гуребги, ракӀги лъикӀаб букӀанила.

– Дица кумек гьабила дуе. Дида нижер сверухълъиялда щибаб сухъмахъ гӀамачӀ-чӀимихги киб бугебали лъала.

– ЛъикӀ буго, – ян разилъанила моцӀ. – Амма мунго гьеб матӀуялъуе балагьуге! Гьеб гӀадатияб матӀу гуро кколеб, гьелъул цо балъгояб хӀалкӀолъи буго!

Канги бакун анила ГӀаишат мугӀруздеги, кӀкӀал-хъитӀахъеги. ГӀемер хьвадизе кканила, гохӀал-щобал реганила, гӀалхуда пири речӀчӀун лъугьарал кьватӀабахъегицин якканила. Ахирги гьелъие битӀ кканила, цо кӀкӀалал гъварилъуда кунчӀи паркъанила. Жуламул хъархъазда гьоркьосан хъетанила гьение. Бугилаха гӀарцул накъищалги сверун гьарураб гьайбатаб матӀу! Кодобе босанила гьеб къиматаб тӀагӀел. ЛъачӀого балагьун йорчӀанила гьелда жание. ГьебсагӀатго берал гьалъул гургинлъун рачӀанила, «ЩийгӀаги гьай, берцинай?!» – абун хӀикмалъанила. МоцӀроца жание балагьугеян гьарун букӀинги ракӀалде щун, гьебсагӀат матӀуги мугъзада нахъехун ккун, гӀедегӀанила магӀарде, гьеб моцӀрохъе нахъбуссинабизе.

– Батарабгури дида дур матӀу, гьайбатаб МоцӀ! – илан ахӀанила ясалъ.

Амма ясалъухъ балагьун дагьабго пашманлъун лъугьанила МоцӀ.

– Абун букӀанагури, матӀуялъуе балагьугеян, кин дуда кӀвараб…?! – илан разилъунгутӀи загьир гьабунила гьелъ.

Накалде кканила гӀолилай.

– ГурхӀа, дида, гьайбатаб МоцӀ! Дун ургъунго гуро гьелъухъ балагьарай, лъачӀого бер речӀчӀана дир гьелда, – абун тӀасалъугьин гьаранила ясалъ ва бицанила гьелъ кин гьеб ккарабали.

– Щиб гьабилеб. Бихьулеб буго дуца битӀараб бицунеб букӀин. Дуца диеги кумек гьабидал, дунги тӀасалъугьина дуда. Хьиталги рихъ-рихъун рихьула бегӀерал ганчӀаздасан хьвадизе ккун, квералги хъарс-хъарсун руго, заз-хъарахъалда гьоркьосанги хъурщизе ккун. ХӀикмалъиялдалъун дуе щвараб берцинлъи бахъизе дун лъугьинаро. БукӀа абе гьеб дуе шапакъат хӀисабалда. Амма бокьиларо мун дурго тӀокӀборчӀараб берцинлъиялдаса чӀухӀун лъугьине. Биччанте киналго губденазул ясал гьумер хъахӀалги берциналги лъугьине. Абе гьудулзабаздаги жидер берцинлъиялдаса чӀухӀун хьвадугеян, гурони, щварабго гӀадин, тӀагӀине рес буго гьеб нужер гьайбатлъи!

Сордо рогьалиде къалеб букӀанила. ГӀодое йиссиндал, цӀиял чакмаял ругила гьелъул хӀатӀазда. Эхеде балагьидал, МоцӀ тӀерхьун бугила. Макьуциндайилан ургъулей йикӀана яс.

ГӀедегӀанила гьей рокъое. Нухда лълъим гьекъезеян къуланила иццухъе. Гьениб бихьанила жиндирго гьумер цебе букӀаралдаса гӀемерго берцинабги гьайбатабги лъугьун букӀин. Йоханила, макьилъдай жий йиго я лъадгодайилан ккканила гьелда.

Гьеле гьелдаса нахъе Губден росдал ясал хассаб берцинлъиялъул рукӀин кибего рагӀанила. Гьеб маргъу батизеги бегьула. Дагъистаналъул цогидал росабалъги дагьал гуро ругел берцинлъи гьарзаго щварал мусудул.



Агния Барто

# Цадахъ гьалмагъ гьечIони



Нижер тIохда хIинчI буго
ЧIив-чIивилан ахIдолеб.
Мугьги щвараб мехалда
Щайха гьеб пашманлъараб?

ЦохIо жиндийго щвараб
Щайзе мугьан батила.
Гьеб бищизе гьудулги
ГьечIин, къварилъиларищ.

ХIорихъа къватIиб баккун,
Къва-къвайилан къоркъотIинчI
БацIцIадаб лъелълъ копое
Кинха гьеб чвердолареб?

Щай тIинаб къоркъотIанчIий
КъваригIараб гIемер лъим,
Лъедезе, басандизе
Бацако гьечIеб мехалъ?

Цадахъ гьалмагъ гьечIони,
Диргоги ракI гъоларо,
Рукъ цIурал расанкIаби
АскIор ругеб мехальги.

Яги гьал конфетазул
Кванан тIагIам лъаларо,
Гьезул гьуинлъи бикьун,
Кьезе гьудул гьечIони.






Дир эбел тохтур йиго.
Гьей жийгоги унтула.
Уна унтаразухъе,
Унтун йикIананиги.

Гьелъ мугъзада кIутIула,
КIутIи рекIел борцуна,
Бицине тIамула гьелъ
Унтурал жидерго хIал.

ХIалимаб калам рагIун,
Киналго разилъула,
Гьелъул рагIи дарулъун
Лъугьуна гIадамазе.

Диеги цIакъ бокьула
Дир эбелалъул хIалтIи,
Амма дие кьагIазул
Тохтурлъун бокьун буго.

КьагIазда мацI лъаларо,
ЦIар ахIигун, гъадула,
ГIодулел ругин ккола
Гьел унтун ругеб мехалъ.

КъотIноб данде чIванани
Нагагь хIалакъаб хIайван,
ХIинкъула дун, гьеб хвелин,
Хехго босун, квен кьола.

Бачазулгун кьагIазул
Тохтурлъун бокьун буго,
Унго, кидадай гIела,
ГIадамал, дун кIудияй?



*Дарги мацIалдаса буссинабуна М.АхIмадовас*






– Дун школалде инаро, баба, – ян абуна Булатица.

– Щай, дир вас? – илан гьикъана эбелалъ.

– Щайгурелъулха, баба, учительницаялда щибниги лъаларогоха. Гьелъ кидаго лъималазда гьикъула кинабго жо. Жиндаго лъалебани, гьей кидаго цIехолдилароан гури.

* * *

Ралъдахъа нахъвуссун щвана АхIмад.

– Щиб, дир вас, дуца ралъдахъ гьабулеб букIараб? – илан гьикъана эбелалъ.

– Балагьун вукIана ралъад лъедолеб къагIидаялъухъ.

* * *

Русланида эбелалъ абуна мадугьалзабазе рорчIами кьезе кIочонгейилан.

– КIоченаро, баба, хасго мороженое бичулеб адае дица чанцIулго йорчIами кьола.



* * *

Дженнет ясикӀабазул тукаде ячана эбелалъ.

– Баба, дуца дун гьаб тукадасайищ йосарай? – илан гьикъана гьелъ.

– Уха, дир яс.

– Батани, дурго гӀарацги нахъе кье, дунги гьанийго те! – ян абуна гьелъ, гӀемерал расанкӀаби кодоре росулаго.

* * *

Къаси Юсупица чу гьекъезе бачана.

– Дада, балагье цо, чодул чехь кӀодолъун бугеб куц бихьизе!

– Щай гьеб жакъа батӀаго кӀодолъун бугеб? – илан гьикъана инсуца.

– Щайгурелъулха, дада, гьелъ лълъим гьекъолелъул цадахъ моцӀги гьекъон батула, – ян абуна Юсупица.

* * *

– Муъминат, дуца жеги гьумер-кверал чуричӀищ? – ан гьикъана эбелалъ.

– ЧуричӀо, баба. Дуда бихьуларищ, дица цӀороберал ран руго. Гьумер чурулаго, гьелги риччилагури.

* * *

Инсуца васасе зурма босун бачӀана.

– Дада, дуда бакъанги босизе кӀочон буго. Бакъан цадахъ гьечӀого зурма хӀалтӀуларо, – ян лъазабуна васас.





*Жамила Пахрудинова*

# Лъималазул лъимал – дир рекIел рохел







Риидалилниги цIиябсоналъулниги каникулазул заманаялъ данде ракIарула, цоцахъе щола рикIкIада гIумру гьабун ругел гIага-бобжарал. Гьедин данделъдана исана Москваялдаса каникулалъ гIебеде рачIарал дир яс ГIаишатил лъимал СагIидги ГIалиги. Гьездаса рохун аскIоса рагъаруларого рукIуна гьанир ругел лъималги – Тимурги, Халидги, Лейлаги, МухIамадги. Цо батIияб рохел букIуна лъималазул киналго аскIоре щведал. Гьезие цIакъ бокьула цадахъ торгIо хIаялъул къецал тIоритIизе, суратал рахъизе. ГьитIинго ругониги гъира букIуна аскIобегIан бугеб мажгиталде ине, какил арканал, Къуръаналъул алифгин аятал лъазаризе.

Москваялда гIумру гьабун ругел СагIидилги ГIалилги гъира букIуна азбаралда ругел гъутIбузе, тIугьдузе хъулухъ гьабизе, гьел къачIазе. Бищунго рекIее гIола гьел аскIореги рачIун, убачги гьабун, «Нижер хирияй эбечка, малълъе гьабизе жо» – ян лъугьунелъул. Гьел аскIор ругеб заман диеги бищун талихIаблъун букIуна. КIудияб рохел букIуна гьезул цоцаздаса ва тIадруссун унелъул рагIи кьола каникулал щвейгун нахъеги рачIине. Гьел ингун нижерги рукъ чIобоголъараб гIадаб, рекIелгъей лъугIараб хIал букIуна, ракI гьезда хадуб араб гIадин рукIуна. Унго-унголъунги битIараб букIун буго, «Нилъерго лъималаздасаги лъималазул лъимал цIикIкIун рокьулилан» батараб умумузул аби.

# Маргьабазул дунялалда

## Бищунго кIудияб бечелъи

(Турказул халкъияб маргъа)

Цо гIолилав вукIанила, гьоркьоса къотIичIого, жиндирго мискинлъиялъул бицунев.

– Бечелъи букIарабани, кигIан лъикIдай дие букIинаан! Кеп-гIоркьалда вукIинаан дун! – ан ракI бакъван абунила гьес.

Цо херав къадахъанасда рагIанила гIолиласул гьел гIарзал.

– Щай мун зигардулев? Гьединго бечедав чи вуго гури мун! – ан абунила херас гьесда.

– Кинаб бечелъи? Дуца бицунеб жо щиб? – ан гIажаиблъанила гIолилав.

– Дур берал руго! Бахъизеги бахъун, сундухъ кьезе кIвелеб дуда дурго цоябниги бер? – ан гьикъанила херас.

– Щибилая? – абун хIинкъун лъугьанила гIолилав. – Берал дица кигIан кIудияб хазинаялъухъги кьеларо!

– ЛъикI буго, – ян абунила къадахъанас. – Гьедин батани, гьел кверал къотIизе риччайха, гьезухъ дуе цIакъ гIемер гIарац-месед щвезе буго!

– Риччаларо! ГIарац-меседалъухъ дица дирго кверал ричизе гьечIо! – ян абунила гIолилас.

– Гьанже дуда бичIчIанаха мунго бечедав чи вукIин, – ан абунила къадахъанас. – Щайха мун зигардулев вугев? Мун божа дир рагIабазда, инсанасул бищунго кIудияб бечелъи – гьеб ккола черхалъул сахлъи. КигIан гIемераб гIарцухъги бичун босизе щолеб жо гуро гьеб! – янги абун, херав жиндирго нухккун, цевехун анила.



# Бацlги рузги



– Ле, руз! Мунги дунги кинабго рахъалъ цоцазда релълъарал руго. Мун – цIахIилаб, дун – цIахIилаб. Дур – бегIерал малъал, дир – бегIерал гажал, мун – хъачагъ, дунги – хъачагъ. Щайха гIадамал цохIого къагIидаялъ ралагьуларел нилъехъ? Гьез мун беццула, дун какула. Кин бугониги, гьечIо ритIухълъи.

– РитIухълъи-тIекълъиялъул бицинчIого дуцаго щиб кваналебали бице дида.

– Гьебги щиб рагIи. Дица квана рахь рекIарал кьагIиги, кьариял буртIалги, багьал куйдулги.

– Гьелеха, гьединлъидалин дуде хъачагъилан абулебги. Дицайин абуни гIадамазе зариял гIункIкIазде гурони чан гьабуларо. Гьединлъидал нилъ цоцазда релълъине ресги гьечIо.

# Бархъалиселги Малла Насрудинги

Хасел бакьулъ цIулги тIагIун, Малла Насрудин анила, хIамаги бачун рохьове. Цо кIудияб гъотIодеги вахун, живго тIад чIараб гIаркьел къотIизе лъугьанила гьев. Гьениб аскIосан нухги букIанила.

Чуязда, гIурцIмазда лъун щагIил батIибатIияб цIа-рагIгун, гьеб бичизе базаралде рачIунел бархъалисел щванила гьенире. Живго тIад чIун вугеб гIаркьел къотIулев Малла Насрудин вихьараб мехалъ, гьез абунила:

– ГIадаллъунищ, вац, мун вугев, гьеб гIаркьел дуца къотIани, гьебгун цадахъ мунги гIодове вортулагури?

– Гьеб нужер иш гуро, нуж нужерго нухкун а, дир милат дица гьабила, – ян абунила Малла Насрудиница ва живго тIад вугеб гIаркьел къотIизе лъугьанила. Мех балелдего гIаркьелгун цадахъ Малла Насрудин анила вортун.

«ВахI, гьаниса гIодове дун вортизе вукIин лъалел чагIазда кида дун холева-

лиги лъазе ккола. Гьеб цӀехон лъикӀ дица гъоздаянги абун, Малла Насрудин вортанила бархъалисезда хадув. ЧӀезе гьелги гьарун, гьикъанила гьас:

– Дун гъотӀодаса гӀодове вортизе вукӀин лъалел чагӀазда дун кида холевалиги лъазе ккола нужеда. Гьарула, бице, дун холеб заман.

ГӀантав чи хехго тӀаса вихьизавун лъикӀилан пикруги гьабун, гьез абунила:

– ЛъабцӀул мун чинхъараб мехалда, дур иш лъугӀула, мун хвезе вуго гьеб мехалъ.

Кутакалда ургъел чӀван, къотӀараб гӀаркьелги хӀамида лъун, Малла Насрудин рокъове вильлъанила.

ГӀемер мех балелдего, цо чинхъанила гьав. «Цо рухӀ ана, кӀиго хутӀана», – ян абунила жинцаго жиндаго.

Цодагьабго заманалдасан кӀиабизеги чинхъанила гьав. КӀиабилеб рухӀги анин, гьанже цо рухӀ хутӀанин, гьебги иналде рокъовегӀаги ворчӀизе хӀаракат бахъун лъикӀилан, дагьаб хехлъи гьабунила Малла Насрудиница.

Азбаралде щун вахъиналде, лъабабилеб нухалдаги чинхъанила гьав.

– Хехлъи гьабе, чӀужу, лъабабилеб рухӀги ана. Дун хвана! – ян ахӀдолаго, Малла Насрудин азбар бакьулъ кӀалагъоркье гӀодов речӀчӀанила.

Накаби рухизе, чӀичӀидизе, гӀергӀедизе рукъалъул агьлуги лъугьанила, гьезул гьаркьихъе хабар рагӀа-рагӀарал рачӀун, азбар гӀадамазул цӀунила. Щиб, кинилан гьикъидал, Малла Насрудин хванилан биццанила чӀужуялъ.

Хварав чи гӀемер халат тун гьабизе жо гьечӀилан, гьебго къоялда вукъанила Малла Насрудин. Хабалъе лъугьун къанал рекъезарулел рукӀарал гӀолохъабазда гьаранила Малла Насрудиница, жиндир ракӀгъун букӀине цо гьитӀинаб каратӀ тейилан къватӀибехунилан. Гьезги гьесул гьари къабул гьабун, хабалъа къватӀибе каратӀ танила.

Малла Насрудинги вукъун, жамагӀатги анила нахъе, хабалъе тараб гьитӀинабго картӀинисан къватӀиве валагьун Малла Насрудинги вукӀанила. Гьесул хобги ккванила шагьранухда аскӀобе.

Кин бугониги цо сордо хабалъги бан, нахъияб къоялъ радал хехгого щиб хабардай рагӀилаян, картӀинисан шагьранухде валагьун вукӀанила Малла Насрудин. Квачараб, гӀодоб цӀер къараб къоги букӀанила гьеб. Балагьинал, долго бархъалисел ругила, сордо доб росулъги бан, радалго рахъун щегӀ бичизе базаралде унел. ТӀад бакӀал гьирал лъурал гьазул чуял, гӀурцӀмал ругила цӀородасан рильлъине кӀоларого хъещтӀелел.

Дица бихьилин гьазие гьабулеб жоянги абун, битӀун хабалъа къватӀибе каратӀ бугеб бакӀалад цере гьел щвараб мехалъ, цо



квешал, гӀассиял гьаркьал гьарунила Малла Насрудиница. Гьел гьаркьал рагӀаралго, риххун, хӀинкъун лъугьун, тӀад гьиралгун ругел чуялги гӀурцӀмалги хъущтӀун гӀодор речӀчӀанила, гӀемераб щегӀги гъуранила.

Гьаб хабалъа къватӀибе рогьалилъ ахӀдолеб цо щайтӀан битизе кколилан, роpтун ун бархъалисез картӀиниса жанибе хабалъе цӀалагӀоркьалги къазарун, Малла Насрудинил сипат-куцалъул ччукӀичӀеб бакӀ течӀила.

Гъурараб щегӀги нухдаго тун бархъалиселги анила, гӀемераб заман балелдего, хабалъе букӀараб каратӀги кӀодо гьабун, гьениса къватӀие лъугьун, Малла Насрудинги рокъове вильлъанила.

Хваралъуса вахъун Малла Насрудин вачӀун вугилан рагӀун, росдал агьлуго бачӀанила гьев вихьизе.

– Гьа, Малла Насрудин, гӀакъубакъварилъи щиб бихьараб, хабал гӀазаб кинаб жо бугеб? – ян цӀехолданила гьесда.

– Валлагь, вацал, гьереси щай, балхъарисезул цӀалагӀоркьаздаса кӀудияб гӀазаб хабалъ дида батичӀо, – ян абунила Малла Насрудиница.

Нахъиял къоязда бархъалисезул гъурараб щегӀ гӀадада течӀого, дагьабги гӀисинги гьабун, къандалъаби цӀун базаралде босанила Малла Насрудиница ва гӀункӀкӀал холеб загьру бугин гьебиланги абун, гьеб бичизе лъугьанила.

ТӀаде ракӀарун халкъалъ, хъамун, босун унеб букӀанила гьеб. ГӀемераб гӀарац Малла Насрудиниеги щванила. Ахиралда хутӀараб цо хъатгӀанасеб жо босулаго, цо чияс гьикъанила Малла Насрудиница:

– Кин гьалъ гӀункӀкӀал хвезарулел? – абун.

– Кквезеги ккун, бадибе бани, бералги беццлъун, доре-гьанире ккун хола, – ян абунила Малла Насрудиница.

– Кквезе щун хадуб, гӀодоб речӀчӀун хвезабиларищ гӀункӀкӀ?

– Дуего бокьани, гьединги гьабизе бегьила, – ян абунила Малла Насрудиница.



# Нежеда лъаланищ?

1955 соналъ хъварав Америкаялъул гражданин, дунялалдаго бищун цIикIкIараб бакIлъи бугевлъун рикIкIунев вукIарав Роберт Ньюдосил букIана 484 кг цIайи.



* * *

19 гIасруялда бищун цIар рагIарав палугьанлъун рикIкIунаан франгав Жан Гавле. Ниагаралъул борхатаб лълъел чваххалоялда тIасан ккураб 110 метр халалъуде, 48 метр борхалъуда бугеб кваридасан доб рахъалде вахана гьев. КIиабилеб нухалъин абуни, жиндирго гьудулги ваччун бахана гьес гьеб «кварил кьодул» манзил.

* * *

Генерал Ермоловасул вукIарав богьогьан Егор Короевас дунялалда бана 157 сон.

* * *

Пакистаналдаса МухIамад Афзалица бана 108 сон, гьесул инсуцайин абуни, кIинусгоялдаса цIикIкIун сон.



* * *

Бусурбабазул цIар рагIарав гIалимчи Ибну Хаддад вукIун вуго рекIехъе аза-азар тIехь лъалев чи. Чингисханил рагъухъабаз Багъдад шагьар бахъидал, Халифаталъулго «Низамият» абураб централияб библиотекаялъул киналниги тIахьал гIурулъе ран руго. Библиотека нахъеги гIуцIизе рес кккун буго, Ибну Хаддадил щибго кIочонареб хIикматаб гьунаралдалъун. Лъабго сонил болжалалда гьел киналниги тIахьал цIидасан хъвазарун руго.

# Лъикlаб учитель




Мухlамадаминова Патlимат Гъазихановна ккола Казбек районалъул Дылым росулъа. 2008 соналъ гьелъ «Дылымалъул Гlизудин Хlажиясул цlаралда бугеб гlемеррахъазул лицейги цlали лъугlун хадуй Патlимат Гъазихановна Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул ФДФ-алде цlализе лъугьана. Лъабабилеб курсалъул студенткалъун йикlаго хlалтlизе лъугьана гlагараб, жакъаги хlалтlулей йигеб лицеялде. Гьелъ гlахьаллъи гьабула рахьдал мацlалда тlоритlулел батlи-батlиял къецаздагун олимпиадабазда. Патlимат Гъазихановна ккола ММО-лъул рахьдал мацlалъулгун адабияталъул мугlалимзабазул нухмалъулейлъун.

Исана П.М. Гъазихановалъе щвана республикаялъулаб къецалда «2025 соналъул мацlалъулгун-адабияталъул бищунго лъикlав учитель» абураб хlурматияб цlар. Гьеб тlобитlана исана 5-20 февралалде щвезегlан. 20 февралалда «Россия – дир тарих» абураб паркалда рахьдал мацl цебетlезабиялъулъ лъураб бутlаялъухъ П. Гъазихановалъе грамотаги гlарцулаб сертификатги кьуна.

Нижер редакциялъги баркула П. Гъазихановналда хlурматияб шапакъатги гьарула хадурккунги гьелъие тlаде гlолеб гlелалъе лъикlаб тарбия-лъай кьеялъулъ бергьенлъабиги цеетlейги.

# Нижер гlисинал гьудулзаби

*Хьаргаби районалъул Кlикlуни росдал школалъул цlалдохъаби, кидаго «Лачен» журнал хъваялъулъ лъидасаго нахъе кколарел хlалчlахъадал!*




Лачен


КИКУНИНСКАЯ СРЕДНЯЯ
ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНАЯ ШКОЛА


Компоненты действий




Лачен


Лачен

# БицанкIаби

КвартIица бетIер бухун
Бахчизе цIулалъ къалеб?

* * *

ЦIулалъ къан букIаниги,
Маххулъ къан букIаниги,
Гьалъ щекъер гъанкъарабго
КъватIиб кIанцIун бачIунеб.

* * *

ГIораздасан, ралъдадасан
Сапаралде жиб хьвадулеб,
Лълъим гьечIелъуб чIчIун хутIулеб,
ЧIчIаралъуса шурулареб?

* * *

Палугьан кинигинан
КваритIасан хьвадулеб,
Жиб гьечIого кибниги
Канлъиги рекIунареб?

* * *

Гудур гуреб, гIункIкIал кколеб,
КIулал гуреб, цагъур ккураб,
КIуди гуреб, макьу щвезе
Маргьу сардилъ дий бицунеб?



Соколёнок

ISSN№0203 – 3682

Лачен

2/2025

март – апрель

Иллюстрированный детский журнал.
Издается один раз в два месяца.

**Учредитель:**
Агентство информации и печати
Республики Дагестан.

**Регистрационный номер**
серия ПИ №ТУ05-00413 от 22.04.2019 г.
выдан управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.

Издается с января 1980 г.

**Руководитель – главный редактор**
М.М. Ахмедов

**Редколлегия:**
М. Магомедов
К. Магомедов
А. Малачиева **(редактор выпуска)**
М. Абдулхалимов
З. Омарова
С. Магомедова
У. Салихова

**Технический редактор** Т. Лузина
**Художник номера** М. Муталлибов

Формат 60x84 1/8. Бумага офсетная.
Уч.-изд. л. 2,97. Усл. печ. л. 3,26.
Физ. печ. л. 3,50.
Подписано в печать 04.04.2025 г.
Выход в свет 15.04.2025 г.
Тираж 748 экз. Заказ № 239.

**Типография:**
ООО «Агентство «Кавказинтерпресс»».
**Адрес типографии:**
355002, Ставропольский край, г. Ставрополь,
ул. Лермонтова 191 Б.

**Редакция и издатель:**
Государственное бюджетное учреждение
Республики Дагестан «Редакция
республиканских литературных журналов
«Соколёнок» и «Литературный Дагестан».
**Адрес редакции и издателя:**
367000, РД, г.Махачкала, ул. Даниялова, 55.
**e-mail:** litdag@mail.ru, **сайт:** litdag.ru;
**tg:** litdag; **vk:** litdag

Аварский язык

Индекс: на год – ПС796-0
на полугодие – ПМ999-0.

Цена свободная.